**Soal UTS Bahasa Jawa Kelas 6 SD dan Kunci Jawaban Semester 1 Kurikulum 2013**

**I. Wenehana tandha ping (x) ana aksara a, b, c, utawa d ing sangarepe wangsulan kang bener!**

1. Upacara ruwatan tujuane yaiku ....

a. narik wisatawan
b. golek dana
c. seneng seneng
d. nyuwun keselamatan

2. Sekaten iku asale saka tembung ....

a. syahadatain
b. sedanten
c. sekati
d. semanten

3. Upacara Mauludan iku kanggo mengeti kelahirane nabi ....

a. Adam
b. Muhammad SAW
c. Ibrohim
d. Nuh

4. Syahadat iku ana ....

a. 1
b. 2
c. 3
d. 4

5. Tradhisi sekaten dianakake ana ing sasi ....

a. Sura
b. Sapar
c. Maulud
d. Rejeb

6. Wong nandhang sukerta yaiku wong ....

a. kepenak uripe
b. kang sugih bandha
c. kang tansah ketula tula uripe
d. kurang waraspikire

7. Raden Gathotkaca iku satriya ing ....

a. Jodipati
b. Unggul Pamenang
c. Madukara
d. Pringgondani

8. Bapake Raden Gathotkaca jenenge ....

a. Janaka
b. Kresna
c. Puntadewa
d. Werkudara

9. Garwane Raden Gathotkaca yaiku ....

a. Dewi Pergiwa
b. Dewi Kunthi
c. Dewi Arimbi
d. Srikandhi

10. Perang Baratayudha mapan ana ing ....

a. Tegal setra gandha mayit
b. Tegal kurusetra
c. Wanamarta
d. Alas Mertani

11. Raden Gathotkaca winisuda dadi senapati Pandhawa.
Tembung senapati tegese ....

a. prajurit pimpinan perang
b. ratu
c. pimpinan perang
d. mbela wong perang

12. Ing perang barata yudha Raden Gathotkaca gugur mungsuhkaro ....

a. Sengkuni
b. Dursasana
c. Kurupati
d. Adipati Karna

13. Raden Gathotkaca gugur dadi kusumaning bangsa.
Kusumaning bangsa tegese ....

a. pahlawan
b. kembang desa

c. senapati
d. prajurit

14. Raden Werkudara duwe garwa aran dewi Arimbi. Garwa tegese ....

a. anak
b. bojo
c. simbah
d. bapak

15. Anak lima lanang kabeh diarani ....

a. ontang anting
b. Pandhawa
c. Kembang sepasang
d. cukit dulit

16. Esuk tempe sore dhele.
Tegese ukara ing ndhuwur yaiku ....

a. mencla mencle
b. kepenak
c. gumathok
d. banter

17. Adigang adigung adiguna iku kelebu jinise ....

a. paribasan
b. panyandra
c. pepindan
d. aloka

18. Bebungah kang saka pamerintah tumrap kutho sing resik yaiku ....

a. citra bangsa
b. adipura
c. adiwiyata
d. upakarti

19. Sampah plastik iku becike ....

a. dipendem
b. disimpen
c. diguwak
d. diobong

20. Nyiptakake kasarasan iku diwiwiti saka ....

a. awake dewe
b. wong tuwa
c. ngomah
d. rumah sakit

21. Supaya ora banjir selokan kudu ....

a. diuruki
b. ditutup
c. diresiki
d. disumpeli

22. Tuku buku lima yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku ....

a. 
b. 
c. 
d. 

23. Basa ngoko iku digunakake marang ....

a. wong singtuwa
b. wong sing luwih enom
c. pimpinan
d. kanca sak pantaran

24. Pakdhe lungguh ing teras karo ... roti.

a. ngunjuk
b. dhahar
c. mundhut
d. ngombe

25. Ibu ... saking peken nitih becak.

a. muleh
b. bali
c. kondur
d. teka

26. Bapak tindhak Semarang ... bis.

a. numpak
b. Nitih
c. nganggo
d. karo

27. Tembang macapat iku cacahe ana ....

a. 10
b. 13
c. 11
d. 9

28. Tembang pangkur iku ana ... gatra.

a. 7
b. 8
c. 6
d. 9

29. Anak marang wong tuwa kudu ....

a. ngajeni
b. mbalela
c. mbantah
d. nyengeni

30. Matur marang wong sing luwih tuwa nganggo basa ....

a. ngoko
b. krama alus
c. ngoko alus
d. ngoko inggil

31. Yen didhawuhi wong tuwa kudu ....

a. muni muni
b. mbantah
c. ngestokake
d. ngelungani

32. Sinopsis tegese ....

a. karangan
b. Ngerngkes
c. nembang
d. crita

33. Sinopsis asale saka tembung ....

a. caremoni
b. simponi
c. synopical
d. sintesis

34. Bayu iku bocah sing lemu.
Kosok baline lemu yaiku ....

a. gedhe
b. amba
c. dawa
d. kuru

35. Crah agawe bubrah rukun agawe ....

a. santosa
b. Longkrah
c. ringkih
d. bubrah

**II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!**

36. Sapi pitu lemu lemu.
Menawa ditulis nganggo aksara jawa yaiku ....

37. Ngasah arit nganti landep dadi murid kudu sing ....

Terusane parikan ing ndhuwur yaiku ....

38. Raden Ontoreja lan Raden Ontosena iku tunggale Raden Gathotkaca tunggal bapak seje ....

39. Asta kuwi krama inggile tangan .Yen rambut krama inggile ....

40. Kromo inggil iku digunakake wong enom marang wong ....

41. Tradisi sekaten iku dianakake ana ing keraton ....

42. Sekaten iku kanggo mengeti dina miyose Nabi Muhammad Saw.
Miyose tegese ....

43. Raden Gathotkaca nalika isih cilik jenenge ....

44. Raden Gathotkaca iku putrane Werkudara lan ibune ....

45. Menawa awake nandhang lara, becike digawa menyang ....

**III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis!**

46. Sinopsis iku asale saka tembung synopical. Apa tegese sinopsis?

47. Apa tegese tembung entar utawa bebasan iku? Sebutna contone 3 wae!

48. Bapak lagi maca koran ana ing ngomah.
Piye yen didadekne nganggo basa krama inggil?

49. Sekaten iku asale saka tembung syahadatain tegese syahadat loro. Sebutna syahadat loro iku!

50. Sebutna 3 paraga utawa tokoh kang ana cerita Gathotkaca Gugur iku!